



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU PRÈSKE 14 MILYON DOLA KI DISPONIB
POU FÈ AVANSE INOVASYON NAN PWOJÈ RECHÈCH, DEVLOPMAN AK
DEMONSTRASYON SOU IDWOJÈN PWÒP**

Premye faz la mete jiska 8 milyon dola disponib pou abòde defi ki genyen nan dekarbonize chalè ak pwosede endistriyèl ak avanse pwodiksyon idwojèn pwòp ak entegrasyon enèji renouvlab

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou redui emisyon 85 pousan elektrisite disi 2050 ak 100 pousan elektrisite zewo emisyon disi 2040

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon inisyativ prèske 14 milyon dola pou avanse pwojè rechèch, devlopman ak demonstrasyon sou idwojèn pwòp (research, development, and demonstration, RD&D). Premye faz la mete jiska 8 milyon dola disponib pou abòde defi ki genyen nan dekarbonize chalè ak pwosede endistriyèl ak avanse pwodiksyon idwojèn pwòp ak entegrasyon enèji renouvlab. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè pou redui emisyon 85 pousan elektrisite disi 2050 ak 100 pousan elektrisite zewo emisyon disi 2040

"Eta New York ap dirije nasyon an nan avanse teknoloji idwojèn pwòp epi nou pran angajman pou nou rete an avangad nan nouvo endistri sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè sipò nou pou inovasyon emèjan nan domèn idwojèn, n ap solidifye pozisyon lidèchip nou an nan devlope gaz altènatif sa a pou ede diminye emisyon, kreye travay alavni nan eta nou an, epi asire yon New York ki an sante ak dirab pou jenerasyon kap vini yo."

Atravè premye faz la, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap chèche aplikan ki gen yon sèl antite oswa ekip pou fè konpetisyon pou finansman nan kad de domèn teknik ki gen ladan aplikasyon idwojèn pou dekarbonize chalè pwosede endistriyèl ak pwodiksyon idwojèn pwòp ak entegrasyon enèji renouvlab. Yo pral aksepte pwopozisyon nan kategori sa yo:

Kategori A: Fazabilite ak Etid Rechèch - Fè rechèch preliminè sou konsèp ki kache nouvo pwodwi, sistèm, estrateji, oswa sèvis kòm yon premye etap nan devlopman ki nesèsè pou devlopman ak komèsyalizasyon pwodwi final.

Kategori B: Devlopman pwodwi – Avanse efò ki enpòtan anpil pou devlopman yon pwodwi, sistèm, estrateji, oswa sèvis teknoloji ki ka komèsyalize ak nenpòt tè sòwa validasyon yon inovasyon ki pa disponib sou la komèsyal deja epi ki ka mennen nan komèsyalize pwodwi ki fabrike nan Eta New York.

Kategori C: Pwojè Pilòt ak Demonstrasyon - Demontre ak teste teknoloji, sistèm, estrateji, oswa sèvis inovan ki mande pou tè sòwa yo rive nan komèsyalizasyon oswa ki deja disponib sou plan komèsyal men ki poko genyen akseptasyon endistri oswa deplwaman enpòtan nan Eta New York.

Kategori D: Pwojè Pataj Depans Federal – Bay konpayi ki baze nan New York yo finansman pou reyalize Ajans Pwojè Rechèch Avanse nan Enèji (Advanced Research Projects Agency-Energy, ARPA-E), DOE, US National Laboratory, oswa lòt egzijans pou pataje depans finansman federal, epi ogmante chans pou devlopman konpayi kireyisi ak komèsyalizasyon teknoloji. Pwojè yo dwe toujou sipòte zòn defi yo pou chak faz.

Yo pral aksepte [aplikasyon](#) pou Premye Faz la jiska 3:00 p.m. nan dat 23 oktòb 2023. Pou plis enfòmasyon ak dokiman ki gen rapò yo, vizite sitwèb NYSERDA [isit la](#).

Faz De, ki prevwa pou ouvri pita ane sa a ak jiska 5.8 milyon dola ki disponib, pral bati sou Premye Faz la ak twa nouvo domèn defi teknik pou enkli diminiyè emisyon oksid nitwojèn (NOx) ki soti nan konbisyon idwojèn, teknoloji estokaj idwojèn ak sistèm pwodiksyon ki baze sou idwojèn pou mikwo rezo ak sèvis sipò rezo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA ak Koprezidan Konsèy sou Klima a, Doreen M. Harris, te deklare, "New York ap ankouraje yon ekosistèm idwojèn pwòp ki sipòte objektif rediksyon emisyon nou yo pandan y ap avanse teknoloji ki nesèsè pou ogmante resous sa a k ap grandi epiki gen anpil enpak la. Chak pwojè yo akòde pral tounen yon pati nan plan konplè Eta a pou sipòte eksplorasyon idwojèn kòm yon resous pandan y ap avanse devlopman yon rezo konekte pwojè atravè eta a – soti nan pwodiksyon ak fabrikasyon rive nan itilizasyon final – ki pral ogmante opòtinite travay, diminye depandans sou konbistib fosil epi ede nou pi byen entegre enèji renouvlab sou rezo a."

Nouvo finansman sa a pral opere ansanm ak avansman jeneral Eta New York nan yon ekosistèm idwojèn pwòp ki gen ladann yon [anons](#) finansman an me ki konsantre sou bay pataj depans pou pwojè k ap aplike pou opòtinite finansman federal pou idwojèn pwòp ak inisyativ Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès (Northeast Regional Clean Hydrogen Hub, NE Hub) la. Pandan ke travay NE Hub la konsantre sou deplwaman idwojèn pwòp atravè pi gwo rejyon Nòdès la, inisyativ yo anonse jodi a pral espesyalman finance efò RD&D (Rechèch, Devlopman ak Demonstrasyon) ki pi

enpòtan ak pi esansyèl pou fè avanse yon ekonomi idwojèn pwòp nan New York epi sipòte reyalizasyon objektif Lwa sou Klima yo. Pwojè yo akòde yo pral ouvri wout la pou deplwaman pwojè sant idwojèn alavni, epi ranfòse estrateji idwojèn rejyonal la ke patnè NE Hub yo pwopoze ki gen ladan New York, Connecticut, Maine, Massachusetts, New Jersey, Rhode Island ak Vermont, ak plis pase 100 patnè ekosistèm idwojèn yo. Pwopozisyon kolaborasyon gwoup la te [soumèt](#) bay Depatman Enèji Ameriken (U.S. Department of Energy, DOE) an nan kòmansman mwa avril pou finansman sant idwojèn ak deziyasyon kòm yon sant rejyonal dapre Lwa federal sou Enfrastrikti ak Travay la. Yo prevwa desizyon DOE a nan sezon otòn 2023.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Envestisman enpòtan yo anonse jodi a pou sipòte rechèch ak inovasyon idwojèn yo ap avanse efò New York pou redwi itilizasyon konbitib fosil kòm yon pati nan ajanda klima anbisye nou an. Pwojè idwojèn pwòp yo sipòte pa finansman sa a pral ede tranzisyon New York nan yon ekonomi enèji pwòp demen epi ede atenn objektif klima agresif Eta a pou asire yon anviwonman ki pi pwòp, ki pi vèt pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Konbitib altènatif tankou idwojèn pwòp yo pral esansyèl pou atenn objektif klima nou yo pandan y ap asire fyabilite enèji kontinyèl. Nouvo inisyativ sa a pral ede adrese defi dekarbonize chalè pwosede endistriyèl yo ak avanse pwodiksyon idwojèn pwòp nan sektè ki pral difisil, si yo pa enposib, pou elektrifye."

Thomas Koch Blank, Direktè Jeneral RMI, Climate Aligned Industries, te deklare, "IRA a mobilize yon nivo resous san parèy dèyè devlopman pwojè idwojèn vèt la, men plizyè lòt katalzè nesèsè pou aktive mache a. Inisyativ NYSERDA sa a se egzakteman kalite sipò nan nivo eta a ki nesèsè pou konplete ankourajman federal yo epi ede katalize ekonomi idwojèn lan pi plis."

Inisyativ ki te anonse jodi a te devlope an akò ak [Plan Kadraj Konsèy Aksyon Klimatik](#) la ki te apwouve an desanm 2022, ki te idantifye itilizasyon estratejik kabiran ki pa gen anpil kabòn tankou idwojèn pwòp kòm yon eleman enpòtan pou dekarbonize sektè ki difisil pou elektrifye yo. Anplis de sa, jistis anviwònmantal ak pèspektiv pati ki konsène nan kominote ki defavorize yo te enpòtan pou fòme defi ak domèn enterè pou demann yo.

Anons jodi a bati sou investisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emisyon ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesèsè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm investisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak investisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm

ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou sitwèb NYSERDA [isit la](#).

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418